


## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan, anu digunakeun nyaéta métode déskriptif kalawan ngagunakeun pamarekan filologi. Pamarekan filologi digunakeun pikeun nganalisis transliterasi dina naskah *Punika Paragi Ngaruwat*. Sabada ditransliterasi ngagunakeun pamarekan filologi, naskah tuluy didéskripsikeun. Ieu panalungtikan ngawengku kagiatan ngadéskripsikeun, nyatet, nganalisis, jeung ngainterprétasikeun masalah anu keur karandapan. Dina ieu panalungtikan, dimimitian ku prosés transliterasi naskah ti aksara Arab Pégon ka aksara latén, studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, analisis data, jeung ngadadarkeun hasil anu satuluyna dipedar dina eusi panalungtikan.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan nyaéta rarancang atawa gambaran anu ngagambarkeun prosés panalungtikan. Sukmadinata (2005, kc. 287), nétélakeun yén désain panalungtikan mangrupa rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu hal, luyu jeung kamandang Arikunto (2013, kc. 22-23), anu nétélakeun yén désain panalungtikan mangrupa prosés anu dijieun pikeun ngajawab masalah-masalah anu dirumuskeun dina panalungtikan. Ti mimiti prosés ngumpulkeun data nepi ka ngolah data. Gambaran ngeunaan léngkah anu dilakonan didadarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1  
Désain Panalungtikan

### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha cara pikeun ngumpulkeun data, di antarana ngaliwatan téknik studi pustaka, dokuméntasi, jeung wawancara. Studi pustaka mangrupa hiji tahap ngumpulkeun bahan panalungtikan boh buku boh jurnal anu rélevan jeung anu keur ditalungtik (Satori dina Meilinda, 2019, kc. 36). Dokuméntasi mangrupa hiji téhnik ngumpulkeun data ku cara nganalisis dokumén anu geus dikumpulkeun saméméhna. Bisa ku cara ditulis, gambar, foto, atawa *scan*. Sukmadinata (2005, kc. 221), nétélakeun yén dokumén anu dipilih kudu luyu jeung udagan sarta fokus masalahna.

Référénsi dibutuhkeun pikeun ngadeudeulan tiori anu ngarojong pikeun lumangsungna panalungtikan. Pikeun ngeuyeuban référénsi dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik studi pustaka ngeunaan tiori anu patali jeung filologi, mantra, sarta telaah fungsi dina naskah. Utamana dina naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, data tuluy diolah ngaliwatan téhnik analisis sacara langsung. Anapon téhnik ngolah data, saperti ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.
- 2) Nyusun transliterasi jeung tarjamahan naskah *Punika Paragi Ngaruwat*,
- 3) Ngolah data anu geus kakumpul, ku cara: mariksaan deui data na, méré kode data ka unggal data anu kapanggih.
- 4) Ngadéskripsikeun eusi dina naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.
- 5) Ngadéskripsikeun fungsi téks naskah dumasar kana data anu geus kakumpul.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan Naskah

Arikunto (2013, kc.203), nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat anu ngarojong panalungtik sangkan leuwih babari dina nyangking informasi anu diperlukeun sajeroning panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun format wawancara pikeun néang informasi saluareun naskah sarta ngeuyeuban informasi anu aya dina naskah. Wawancara nyaéta paguneman anu dilakukeun antara panalungtik jeung narasumber. Téhnik wawancara anu digunakeun nyaéta wawancara terstruktur. Wawancara dilaksanakeun jeung nuboga naskah jeung anu ngalarapkeun eusi naskah.

Salian ti éta, ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data pikeun maluruh fungsi téks dumasar kana jenis téks anu aya nyaéta téks mantra jeung téks kaagamaan. Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan anu aya dina naskah. Tujuan digunakeunna kartu data, sangkan leuwih gampang dina nganalisis data sarta nyindekkeun hasil panalungtikanna. Anapon format wawancara jeung kartu data anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti di handap ieu.

Tabél 3. 1  
Format Wawancara Raratan Naskah

<b>Raratan Naskah</b>	
1.	Judul Naskah:
a.	Dumasar kana naskah:
b.	Ceuk nu boga naskah:
2.	Nu Ngarang Naskah
a.	Ngaran:
b.	Umur:
c.	Pakasaban:
d.	Padumukan:
e.	Kalungguhan:
3.	Nu Boga Naskah:
a.	Ngaran:
b.	Umur:
c.	Pakasaban:
d.	Padumukan:
e.	Kalungguhan:
4.	Kontéks naskah
a.	Asal-usul Naskah:
b.	Sarat pikeun ngawasa naskah:
c.	Kagunaan Téks:
d.	Alat nu dipaké dina ngagunakeun téks:

Tabél 3. 2  
Kartu Data Déskripsi Naskah

<b>Déskripsi Idéntitas Naskah</b>	
(1)	Judul Naskah
(2)	Aksara
(3)	Basa:
(4)	Wangun Téks:
(5)	Ukuran Téks:
(6)	Jumlah Kaca:
(7)	Jumlah jajaran/kaca:
(8)	Bahan:
(9)	Jenis Kertas:
(10)	Cap Kertas:
(11)	Warna Kertas:
(12)	Warna Téks:
(13)	Kondisi Fisik:
(14)	Nomber unggal kaca:
(15)	Jelas Henteu na Tulisan:

Tabél 3. 3  
Kartu Data Téks Mantra

No	Makhluk	Kode	Cutatan téks	Kapanggih ogé dina
001	Nabi Enuh	PPN/24/1/MI	<i>Urat kaula nabi enuh.</i>	-

Kode data diwangun ku (Judul/Kaca Transliterasi/jajaran dina hasil transliterasi/Unsur tematik).

Katerangan:

Judul : PPN (*Punika Paragi Ngaruwat*),  
PPHK (*Punika Paranti Hajat Kifarati*).

Kaca Transliterasi : dieusian ku kaca dina téks anu geus ditransliterasi.

Unsur Tematik : Makhluk Lemes (ML), Latar (L), Subjék Lirik (SL), Objék Lirik (OL), Eusi Carita (EC), jeung Tujuan Carita (TC).

Tabél 3. 4  
Kartu Data Kaagamaan

Kartu Data Fungsi Kaagamaan	
Wanda	:
Kaca	:
Kode data	:
Cutatan téks	:

Katerangan:

Wanda : Akidah (Ak), Syari'ah (S), jeung Ahlak (Ah)

Kaca : kaca dina transliterasi

Kode : Kode data diwangun ku (Judul/Kaca Transliterasi/jajaran dina hasil transliterasi/Wanda Kaagamaan)

### 3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nyaéta pola atawa rarancang anu ngawengku alur, modél, jeung tujuan dina panalungtikan anu mangrupa prosés dumasar kana pamarekan filologi kalawan métode déskriptif analisis.

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngalakukeun transliterasi jeung terjemahan naskah. Sabada kitu, nangtukeun rumusan masalah anu rék ditalungtik ku cara ngaidéntifikasi masalah anu nyampak dina naskah. tina masalah anu geus ditangtukeun, tuluy ngumpulkeun data anu ngarojong kana panalungtikan.


Eva Dewi Nurlatifah, 2021

**TRANSLITERASI JEUNG TALAAH FUNGSI DINA NASKAH PUNIKA PARAGI NGARUWAT (ULIKAN FILOLOGI)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ngumpulkeun data dina ieu tahap ngalakukeun téhnik studi pustaka, nyaéta ngumpulkeun buku, jurnal, jeung rupaning rujukan anu luyu jeung panalungtikan. Sabada data na kakumpul, tuluy di analisis ngagunakeun tiori anu geus ditangtukeun. Déskripsi naskah jeung raratan naskah ditalungtik ngagunakeun téhnik wawancara.

Data anu dikumpulkeun tina hasil transliterasi, tuluy diklasifikasikeun jadi téks mantra jeung téks kaagamaan. Pikeun néang fungsi dina téks mantra jeung fungsi dina téks kaagamaan, dilakukeun analisis dumasar kana unsur tématik mantra jeung ajén kaagamaan. Data anu geus kakumpul tuluy dianalisis sarta dipedar. Dina ieu panalungtikan dipungkas ku nyindekkeun hasil panalungtikan.



Bagan 3. 2

### Prosedur Panalungtikan

### 3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah anu judulna *Punika Paragi Ngaruwat*. Anapon data anu ditéangan dina ieu panalungtikan nyaéta déskripsi naskah, transliterasi jeung terjemahan, telaah fungsi téks dumasar kana unsur tématik jeung ajén kaagamaan anu aya dina naskah.

#### 3.5.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta objék anu dipaké nyangking data panalungtikan nyaéta objék anu dipaké pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data panalungtikan ngawengku jalma, tempat, jeung kertas (Arikunto, 2013, kc. 172-173). Data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah anu diwangun ku puisi mantra. Jalma nyaéta narasumber dina ieu panalungtikan, dina ieu hal narasumber jadi sumber data ngaliwatan téhnik wawancara. Tempat dina wawancara bisa kapaluruh upama panalungtik ngagunakeun téhnik observasi. Kertas digunakeun upama data anu dipaluruh aya dina wngun dokumén, naskah, atawa arsip anu diwangun ku simbol atawa hurup anu tangtu.


Dina ieu panalungtikan dipedar naskah Sunda anu kawilang buhun. Anu dipedarna nyaéta transliterasi jeung terjemahan naskahna, déskripsi naskahna, jeung fungsi téks naskahna. Anapon judul ti ieu naskah geus dituliskeun ku panu lis naskah kalawan judul *Punika Paragi Ngaruwat*. Di jero ieu naskah, ngawengku opat judul anu eusi jeung fungsi ti unggal judulna béda. Naskah kahiji judulna *Punika Paragi Ngaruwat*; kadua dijudulan *Punika Paranti Hajat Kifarati*; katilu judulna *Punika Du'a Séh*; jeung kaopat judulna *Islam Sajati*. Unggal bagéan miboga eusi jeung fungsi anu béda, luyu jeung judulna séwang-séwangan. Tapi, lantaran judul anu pangheulana ditulis dina ieu naskah *Punika Paragi Ngaruwat*, panalungtik sapuk yén ieu naskah dijudulan *Punika Paragi Ngaruwat*. Téks dina ieu naskah jadi sumber data utama pikeun ieu panalungtikan.

Ieu naskah dipimilik ku Abah Iid anu linggih di Dusun Legok Picung, RT 17 RW 04, Désa Pamekaran Kacamatan Rancakalong, Kabupatén Sumedang. Ieu naskah meunang nulis tur diturunkeun langsung ti Mama Kuwu Wirya (sesepuh Rancakalong), kandelna naskah téh 31 kaca kalawan ukuran 16,5cm x 21cm. Ieu naskah ditulis sacara nyabeulah dilebah kénca wungkul. Anapon bagéan naskah anu


ditalungtik nyaéta transliterasi jeung telaah fungsi téks ti unggal judul anu aya dina ieu naskah. Naskah téh diwangun ku mantra jeung du'a. Mantra katitén dina naskah anu kahiji jeung kadua. Dina naskah katilu eusina ngeunaan du'a jeung tawasul. Sedengkeun dina naskah anu kaopat eusina ngeunaan pangaweruh kaagamaan. Aksara anu digunakeun dina ieu naskah nyaéta aksara Arab Pégon jeung basa anu digunakeun campuran Jawa-Cirebon-Sunda. Basa anu digunakeun dina ieu naskah, teu ngagunakeun hiji basa kalawan rempeg. Dina naskah kahiji, basa anu digunakeun nyaéta basa Cirebon. Naskah kadua, katilu, jeung kaopat ngagunakeun basa Sunda anu diuwuhan ku sababaraha kecap tina basa Cirebon.



Gambar 3.1  
Jilid Naskah



Gambar 3.2  
Kaca Kahiji



Gambar 3.3  
Kaca Tengah Naskah